



Pou Piblikasyon Imedya: 04/12/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GWO KWANSANS TRAVAY: GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KANTITE ANPLWA NOUYÒK KI BAT REKÒ NAN SEKÈ ENÈJI PWÒP NOUYÒK LA**

*Kwasans travay nan sektè enèji pwòp la plis pase doub kwasans nan tout eta a epi li rete sou menm rit ak to nasyonal la*

*Reflète angajman Gouvènè Hochul pou sipòte agrandisman mendèv enèji pwòp ak asire devlopman mendèv divèsifye, ki vrèman kalifye*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon gwo kwasans nan anplwa nan enèji pwòp nan Eta Nouyòk ak 178,000 travayè ke yo te anplwaye nan fen ane 2023—yon ogmantasyon 7,700 djòb—dapre dekouvèt Rapò Endistri Enèji Pwòp Nouyòk pou ane 2024 la. Kwasans anplwa nan sektè enèji pwòp la plis pase double kwasans anplwa nan tout eta a. Anons jodi a reflète angajman kontinyèl Nouyòk pou elaji mendèv enèji pwòp epi asire tout sektè ekonomi an devlope yon gwoup travayè divèsifye, ki gen anpil fòmasyon epi ki gen konesans pou sipòte tranzisyon kontinyèl Eta a nan direksyon yon ekonomi enèji pwòp.

"Rapò sa a montre valè tranzisyon enèji pwòp la ak enpak tanjib yon ekonomi enèji pwòp k ap pwospere genyen sou kalite lavi moun yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Atravè yon konbinezon inisyativ devlopman mendèv konplè ak pwogram k ap ogmante deplwaman enèji pwòp epi redwi emisyon ki soti nan bilding, transpò, ak rezo elektrik la, n ap ankouraje kominote ki pi pwospere ak aksè ak travay ki byen peye nan tout eta a."

[Rapò Endistri Enèji Pwòp Nouyòk la](#), pou 2024 ki pibliye jodi a pa Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta Nouyòk (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) bay done sou endistri enèji pwòp Eta a jiska fen ane 2023 a. Rapò a montre ekonomi enèji pwòp Nouyòk la te ogmante a 5 pousan de 2022 a 2023, ki plis pase double kwasans ekonomik nan tout eta a, epi ki ajoute plis pase 32,000 anplwa depi 2016, lè NYSERDA te premye kòmanse swiv travay nan enèji pwòp yo.

**Dekouvèt anplis nan rapò ane sa a gen ladan yo:**

- Anplwa transpò pwòp ak altènatif yo te ogmante pi rapid a 16 pousan, yo te ogmante a 2,100 anplwa nan 12 mwa sèlman.

- Anplwa bab rechaj veyikil elektrik yo te ogmante a 27 pousan pandan dènye ane a, sa ki reprezante youn nan segman ki pi rapid nan enèji pwòp la.
- Sektè dekarbonizasyon bilding ak efikasite enèji te ogmante de 3 pousan, sa ki te depase nivo li te genyen anvan pandemi an, epi ki te ajoute prèske 4,000 anplwa. Li rete pi gwo sous anplwa enèji pwòp, li anplwaye plis pase mwatye nan tout travayè enèji pwòp yo.
- Anplwa modènizasyon rezo ak estokaj enèji ogmante a 7 pousan.
- Anplwa nan pwodiksyon kouran elektrik renouvlab te ogmante a 6 pousan, ak plis pase 1,400 nouvo anplwa.
- Apeprè yon tyè nan travay enèji pwòp yo te nan kominote defavorize yo, ki gen ladan 2,200 anplwa ki te ajoute an 2023.
- Travayè enèji pwòp yo te eksprime pi plis satisfaksyon anplwa pase lòt travayè enèji Nouyòk yo, ak 65 pousan nan travayè enèji pwòp yo ki rapòte ke yo "trè satisfè" ak karyè yo.
  - 93 pousan nan travayè enèji pwòp yo te prevwa avansman karyè nan 12 pwochen mwa yo.
    - Anplwa nan enèji pwòp nan nivo debitan yo peye an mwayèn 12 pousan anplis; ak travay enèji pwòp nivo mwayen yo peye 7 pousan pi wo, konpare ak menm travay sa a andeyò endistri enèji pwòp la.
      - Nèf sou 10 anplwayè enèji pwòp ofri avantaj swen sante.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta Nouyòk la, Doreen M. Harris, te deklare,** "Kwasans n ap wè nan mache travay enèji pwòp Nouyòk la reflekte momantòm ak angajman inebnanlab nou pou diminye emisyon yo ak pwoteje anviwònman an nan Eta Nouyòk. Jan Rapò Endistri Enèji Pwòp la detaye, bilding ak transpò te ajoute plis anplwa ane pase a, sa ki te ogmante enpak atansyon nou an sou abòde de sektè sa yo ki kontribye pi plis nan move kalite lè nan tout eta a."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Fòmè yon mendèv enèji pwòp se yon priyorite pou Eta Nouyòk epi filyè talan kalifye se yon gwo atraksyon pou konpayi ki chwazi pou devlope operasyon pa yo. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, investisman kontinyèl nou yo nan endistri enèji pwòp, enfrastruktir ak inovasyon ap konstwi ekonomi vèt eta a kounye a ak alavni."

**Komisè Depatman Travay Eta Nouyòk la, Roberta Reardon, te deklare,** "Anplwa enèji pwòp ofri bon salè ak avantaj, gwo satisfaksyon travay ak opòtinite pou grandi. Nouvo travay vèt sa yo ap ranfòse ekonomi lokal yo isit la nan Nouyòk. Soti nan rekritman mendèv rive nan fòmasyon espesyalize pou travayè k ap fè tranzisyon pou antre nan anplwa vèt, Depatman Travay (Department of Labor, DOL) la ofri yon pakèt resous pou ede alimante ekonomi enèji pwòp eta a alavni."

**Prezidan Komisyon Fonksyon Piblik Eta Nouyòk la Rory Christian, te deklare,** "Youn nan eleman ki pi enpòtan nan mache enèji pwòp k ap mennen nan peyi a n ap kreye a se travay ki byen peye ki pral enpòtan pou konstwi sistèm enèji pwòp la. Gouvènè Hochul montre kisa sa vle di pou w yon lidè pou ede kreye bèl opòtinite travay sa yo."

**Senatè Kevin Parker, Prezidan Enèji a, te deklare** "Rapò ki pibliye jodi a dekri klèman kijan sipòte ekonomi vèt Eta Nouyòk la kreye anplwa ak opòtinite atravè Eta sa a. Lè nou fòme mendèv nou an epi investi nan endistri ak konpayi ki konsantre sou teknoloji ak solisyon enèji pwòp yo, n ap benefisye anviwònman an epi bay yon avni ki pi dirab pou nou tout."

**Prezidan Asosyasyon Konte Eta Nouyòk (NYSAC) yo, Benjamin Boykin II, te deklare,** "Rapò yo te pibliye jodi a konfime sa konte yo te wè sou teren an nan kominote nou yo: ke lè nou travay an kolaborasyon ak Gouvènè Hochul ak patnè eta nou yo pou investi nan enèji renouvlab, nou ka avanse nan direksyon endepandans enèji pwòp epi jwe wòl pa nou nan batay kont chanjman klimatik la pandan n ap kreye travay ak ranfòse ekonomi lokal yo. Konte yo fyè dèske yo se avangadis nan tranzisyon nan enèji pwòp la, yo bati sistèm solè sou tè konte a, elektrifye flòt veyikil yo, ak amelyore efikasite enèji bilding piblik yo. Pandan NYSAC nan lavèy 100è anivèsè li kòm yon asosyasyon, nou gen konfyans ke lè nou travay ansanm ak konte li yo, gwo eta nou an ka kontinye mennen wout la nan rankontre defi enèji prensipal nou dwe fè fas ansanm."

**Amy Desjardins, Direktè Egzekitif, Enstiti Devlopman Mendèv (Workforce Development Institute, WDI), te deklare,** "WDI felisite NYSERDA pou piblikasyon Rapò Endistri Enèji Pwòp ane sa a. Travay Enèjetik ak Klimatik nou an bati sou patenarya ak sendika travayè yo nan sektè piblik ak prive yo, fabrikasyon, ak metye batiman ak konstriksyon, ansanm ak fabrikan inovan ak òganizasyon kominotè ki akse sou misyon yo. Patenarya nou ak NYSERDA ede nou konprann tandans k ap emèje nan plizyè aspè devlopman mendèv enèji a. Ekipe ak enfòmasyon sa a nan tout eta a, nou ka pi byen travay ak rezo patnè nou an pou prepare mendèv Nouyòk pou gwo opòtinite karyè yo nan sektè enèji a."

**Direktris Egzekitif Social Enterprise and Training Center (SEAT), Jennifer Lawrence, te deklare,** "Jèn adilt vini nan SEAT Center ap chèche jwenn konpetans ki komèsyalizab epi jwenn travay. Chak jou, SEAT Center rankontre jèn moun ki vle travay epi kontribye nan tranzisyon enèji Nouyòk la. NYSERDA se yon patnè enpòtan nan ede popilasyon ki pa eksplwate jwenn yon chemen pou yon karyè ki gen sans ak opòtinite reyèl."

Pou ranfòse rezo Nouyòk la pou travayè kalifye epi asire yon tranzisyon ki jis epi ekitab vè yon rezo zewo emisyon, NYSERDA te angaje plis pase 180 milyon dola pou devlopman mendèv ak inisyativ fòmasyon. NYSERDA pral resevwa tou 1.5 milyon dola pou inisyativ fòmasyon nan kad [Pwogram Enfrastrikti Veyikil Elektrik Nasyonal la](#), ki pral sipòte fòmasyon Nouyòkè yo pou yo enstale ak konsève estasyon rechaj yo.

Sa ki pi enpòtan, NYSERDA bay pwogram fòmasyon yo priorite pou popilasyon ki pi defavorize nan eta a, avèk apeprè 40 pousan finansman ki ale nan inisyativ ki sèvi moun ki gen revni ki fèb, ansyen militè, moun ki andikape, paran selibatè, ansyen prizonnye, ak moun ki soti nan kominote ki defavorize yo. Pwogram sa yo ede entegre nouvo travayè ak travayè ki deja egziste nan endistri enèji pwòp la. NYSERDA ap finanse tou plizyè efò pou devlope konesans sou karyè nan lekòl K-12 ak fòmasyon pwofesè sou opòtinite karyè nan enèji pwòp, tankou travay ak Roadtrip Nation pou pwodui [yon dokiman](#) sou karyè enèji pwòp ki te rive atenn plizyè milyon Nouyòkè.

Nan kad angajman li, efò devlopman mendèv NYSERDA yo sipòte pwogram pakou karyè ki bay edikasyon, fòmasyon, ak sèvis pou ede mete nouyòkè yo nan okipasyon nan enèji pwòp tankou chofaj, vantilasyon, ak è kondisyone wo rannman (heating, ventilation, and air conditioning, HVAC), konstui elektrifikasyon, sistèm enèji efikas ak enèji ewolyèn nan kot epi pèfeksyone epi resikle travayè ki egziste yo pou anplwa enèji pwòp yo.

NYSERDA te deja bay apeprè 94 milyon dola pou sipòte patenarya enpòtan ak travayè sendika yo, kolèj ak inivèsite, òganizasyon san bi likratif, fabrikan, asosyasyon komès ak lòt moun, pou asire travayè yo resevwa fòmasyon atravè kou edikasyon kontini, pwogram sètifika, pwogram diplòm, estaj, aprantisaj ak fòmasyon nan kad travay. Efò sa yo pral ede fòme epi prepare plis pase 40,000 Nouyòkè pou devlope opòtinite travay nan enèji pwòp epi asiste biznis enèji pwòp yo nan rekrite, anboche, epi fòme travayè yo. Jiska dat, prèske 34,000 nouvo travayè ak travayè ki deja egziste te resevwa fòmasyon.

Anplis de sa, kòm rekonesans wòl enpòtan sendika yo nan fòmasyon mendèv enèji pwòp alavni an, gen 45 milyon dola nan finansman konpetitif ki disponib pou sipòte agrandisman fòmasyon ki lye ak sendika pou pre-apranti, apranti, ak travayè itineran/ak pwogram aprantisaj yo. Pou plis enfòmasyon sou kijan NYSERDA ap fè yon mendèv solid nan enèji pwòp pwogrese, tanpri gade [sitwèb](#) NYSERDA a.

### **Ajanda Klimatik Eta Nouyòk**

Ajanda klimatik Eta Nouyòk egzije yon tranzisyon ki bon mache epi ki jis vè yon ekonomi enèji pwòp ki kreye djòb ki soutni fanmi, fè pwomosyon kwasans ekonomik atravè investisman ekolojik, epi dirije yon minimòm 35 pousan nan benefis yo bay fanmi ki defavorize yo. Nouyòk ap pouse yon seri efò pou kreye yon ekonomi a zewo emisyon vè 2050, ki enkli nan sektè enèji, konstriksyon, transpò, ak dechè.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)